



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÓMANSMAN SEZON ESKI AK PLANCH ANÈJ
2016-17 LA NAN NEW YORK**

***Mòn Whiteface Mountain lan pral ouvè jedi Jou Aksyon Degras la epi mòn
Gore Mountain ak Belleayre Mountain pral ouvè vandredi***

Videyo ki montre kijan yo fè nèj sou mòn Gore Mountain lan disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse sezon eski ak planch anèj 2016-17 la epi li te anonse mòn Whiteface Mountain lan pral ouvè jedi 24 novanm lan, epi mòn Gore Mountain ak Belleayre Mountain pral ouvè vandredi 25 novanm. Chak sezon ivè, aktive eski ak planch anèj sou 51 mòn ki gen nan New York yo atire plizyè milyon vizitè epi jenere 1 milya pou ekonomi eta a.

Gouvènè Cuomo te di: “Soti nan eski rive nan plis aktivite ankò, New York genyen kèk nan meyè aktivite lwazi anplennè nan sezon ivè ki te ka egziste, sa ki atire anpil milyon vizitè pandan tout sezon an. Avèk plis pase 50 gwo otèl ki gen kalib mondyal atravè tout eta a, mwen ankouraje tout moun pou yo vini dekouvri tout sa Empire State la gen pou l ofri.”

Mòn Whiteface Mountain lan te resevwa plis pase 15 pous nèj, epi pèsonèl la te prepare Excelsior, Summit Express, Upper Valley, Lower Valley, Fox ak Mixing Bowl pou ouvèti jedi a. Pral gen de transpòtè ansanm ak Cloudsplitter Gondola a, ki pral sèvi eskiyè ak moun k ap monte transpòtè yo.

Gore te resevwa anpil nèj tou pandan wikenn lan. sis pous nèj tonbe nan North Creek epi gwo otèl la ap rekòmanse fè plis nèj ankò apati dimanch. Yo atann Northwoods Gondola pral founi sèvis transpòtè pou senk santye: Foxlair, Sunway, Quicksilver, 3b ak Jamboree. Videyo ki montre kijan yo fè nèj nan mòn Gore Mountain lan disponib sou YouTube [isit la](#) epi li an fòma televizyon (h264, mp4) [isit la](#). W ap jwenn foto ki montre kijan yo fè nèj yo disponib [isit la](#).

Gwo Otèl Belleayre Ski Resort la te resevwa plis pase 10 pous nèj apre tanpèt nèj wikenn ki sot pase a epi menm jan ak Gore, yo t ap fè nèj sou mòn lan tou depi dimanch. Yo atann pou Gwo otèl la ouvri ansanm ak santye Onteora ak Running Bear la yo epi ap gen de transpòtè k ap fonksyone.

Tikè pou transpòtè Belleayre la yo pandan wikenn lan ap koute 42 dola, tandike sa Gore yo, pandan wikenn ouvèti a pri yo se 38 dola pou adilt, 29 dola pou adolesan ak granmoun aje yo epi 23 dola pou jèn yo lè invite yo fè don yon atik alimantè ki pa ka

gate pandan yo ap achte yon tikè. Whiteface ouvri epi pri tikè transpòtè yo se 64 dola pou adilt, 52 dola pou granmoun aje ak adolesan epi 42 dola pou jèn yo. Kòm toujou, timoun ki gen ant sis zan oswa ki pi piti ka monte eski gratis.

Prezidan ak PDG Otorite Devlopman Rejyonal Olenmpik Eta New York la (New York State Olympic Regional Development Authority, NYS ORDA), Ted Blazer te di: “Otèl ORDA Ski Resort la te itilize sezon ki pa gen aktivite a pou yo chèche dekouvri nouvo fason yo te ka amelyore sèvis alakliyantèl la, soti nan lè envite yo rantre nan otèl la, rive nan lè y ap ranje eski ak planch anèj yo lè jounen an fini. Gras a nouvo teknoloji ak kominikasyon ant anplwaye ansanm avèk envite yo, nou te amelyore epi pèsonalize sèvis alakliyantèl nou an anpil, avèk objektif jeneral nou genyen pou n kreye lwayote kliyan yo epi devlope eski ak moun k ap fè lòt aktivite yo pou mache milènè a.”

Direktè Egzekitif Touris Empire State Development and I Love New York, Gavin Landry te di: “Ivè nan Eta New York se yon sezon enkredib nan ane a, plen destinasyon lwazi anndan ak anplennè disponib pou fanmi, vwayajè ak envite ki gen tout laj. Vin vizite espas pou monte eski ki gen kalib mondyal nou an yo, monte motonèj nan meyè santye ki gen nan peyi a yo, epi fè eksperyans yon bann seri atraksyon ki anndan epi nou konnen ou ap dakò avèk nou, gen tout sa w bezwen isit la; se sèlman la nan Eta New York ou ka jwenn yo.”

Direktè Jeneral Whiteface la, Aaron Kellet te di: “Ekip Whiteface nou an kontan anpil pou lanse yon lòt sezon ankò, nou te fè anpil nouvo amelyorasyon pou envite nou yo jwi epi nou pa ka tann pou nou gen eskiyè ak moun k ap monte transpòtè yo ale sou tèt mòn lan.”

Direktè Jeneral Gore la, Mike Pratt te di: “Nou atann pou n ofri eski Alpen ansanm ak eski Nòdik vandredi. Kanon nèj yo pral travay lajounen kou lannwit pou simaye nèj la sou santye yo. Nou pare pou eskiyè yo tounen sou mòn Gore Mountain ak Adirondack Mountains.”

Direktè Jeneral Otèl Belleayre Ski Resort la, Tim Maxwell, te di: “Manman Lanati te ba nou yon bon kòmansman pou yon lòt sezon ankò ak meyè nèj pou monte eski ak transpòtè yo nan Eta New York ki la isit la menm nan mòn Belleayre Mountain lan.”

Li posib pou santye ak transpòtè yo chanje pandan wikenn sa a. Tanpri vizite www.belleayre.com, www.goremountain.com ak www.whiteface.com pou enfòmasyon sou kondisyon ki pi resan yo. Foto sezon eski ak planch anèj 2015-16 nan Whiteface la yo disponib [isit la](#), [isit la](#) ak [isit la](#), koutwazi ORDA/Whiteface Lake Placid.

###